

Bib pat 2

Sijè nou ap analize jodia entitile , èske li pa ekri nan la Iwa (som 82 : 6 a 7) : Nou se Dye (Jan 10 : 34) Jewova se bondye Abraram , jakòb , izarak , li se bondye sa ki anvi yo , men li pa bondye sa ki san vi yo (Matye 22 : 32).

Lòm se dye (jan 10 : 34) paske Bondye te kreye lòm an imaj li , e selon resanblans li , lòm ap sibi premye mò a paske yo enpafè, e sa ki enjis yo , mechan yo ap sibi dezyèm lanmò a , li se Bondye sa ki vivan yo , Bondye abraram , izarak, jakòb , Bondye moun ki jis yo , moun ki fè volonte'l yo . Li pa Bondye mò yo , li pa Bondye moun e zanj dechu yo , (jan 10: 35) ki ap sibi destriksyon final la , dezyèm mò a.

pa egzanp si yon papa . genyon pitit , ki ap fè sa ki mal e ki pafè volonte papa a, donk papa a nye timoun sa , papa a gen plizyè machin men pitit lan a pye , papa a gen plizyè kay men pitit lan, ap dòmi nan lari , pitit sa , pap konsidere tèt li, tankou pitit papa li , paske pitit sa pa benefisyè e pwofite de byen ak richès , e amou papa li.

Si lòm pa konsidere tèt yo kòm dye , paske yo pa fè volonte bondye , e pa konsekans bondye rejete lòm(2 kronik 24:20, 2 kronik 28:20, genèz 3:23), men depi lòm , repanti e fè sa ki byen , Bondye ap rebran lòm , menm jan yon papa rebran pitit li (pwovèb 3 : 12 , revelasyon 3 : 19).

Si jezi te konn di souvan li ap dòmi(jan 11: 11, jan 11 : 14, matye 9 : 24) paske le kò yon moun san vi, sa pa vle di nanm li oubyen espri li detwi, (matye 10 : 28).

nou li nan travay 24 : 15 ap gen yon rezireksyon pou moun ki jis yo e enjis yo tou , jis yo pral nan paradi , ki se yon lye de repo jiskaske pwofesi yo akonpli , Bondye ap kreye yon lòt tè e yon lòt syèl pami sèt syèl yo (revelasyon 21 : 1) jis yo pral gen yon lòt kò pafè (1korentyen 15 : 50 a 53) e yo ap viv pou tout tan (1 korentyen 15 : 54, ezayi 25 : 28,)men mechan yo , enjis yo pral nan lanfè yon kote ke yo ap toumante , pou yo peye sa yo te fè (lik 16 : 23) jisko jou , ke nanm yo ap detwi konplètman , sa se dezyèm lanmò a. destriksyon final lan(revelasyon 21 : 8 , revelasyon 20 : 14).

Jewova se Bondye sa ki anvi yo , men li pa bondye mò yo , li se bondye Abraham , Izarak , Jakòb paske li se bondye moun ki fè volonte li yo (1 pyè 4 : 2, matye 7 : 21 , 1 jan 2 : 17)moun ki jis yo (som 39 : 29 , jan 6 : 40 , 1 jan 2 : 17) paske moun sa yo pap konnen dezyèm mò (revelasyon 20 : 14) men yo nan yon pwosesis pou yo jwenn lavi etenèl kontrèman ak mechan yo , enjis yo , ki ap andire dezyèm mò a, (revelasyon 20 : 14).

Menm jezi ki pat janm peche (1 pyè 2 : 22 , 2 korentyen 5 : 21) malgre se volonte papa'l , li te fè , lè li te pran peche nou yo, (1 pyè 2 : 24) Bondye te abandone li , (Matye 27 : 46) men paske jezi pat janm peche , li te resite pami mò yo (1 korentyen 15 :4 , travay 10 : 40) li pat konnen dezyèm mò a (travay 10 :38 a 40, lik 23 : 43) e li se premye e dènye moun ki lese pou mò , ke tenèb pa domine'l (revelasyon 1 : 18, revelasyon 2 : 8).

1 : pou kisa Bondye te mete pye bwa konesans byen ak mal lan, e pou kisa lit e anpeche adan ak ev aksede a pye bwa lavi a ?

pye bwa konesans sak bon ak sak movè te la pou teste lòm , paske Bondye se yon Dye ki jis li pap baw anyen siw pa merite li , li pap baw anyen ki ap twòp ou ki pap ase pou wou,(deteronòm 32 : 4) .

Lòm te pafè donk pwobabilite pou lòm fè volonte Bondye a te pi eleve , kòm objektif Bondye se te pou lòm ranpli la tè(genèz 1 : 28) e viv etenèlman donk li te getan antisipe si lòm manje fwi defandi pèmèt , li gen yon dezyèm chans , se pou sa te genyen pye bwa la vi an, (genèz 2 : 9) li te ekate adan ak Èv de jaden eden pou yo fè fas ak konsekans dezobeyisans yo (genèz 3 : 4 , genèz 3 : 14 a 19) e lefèt ke lòm enpafè bondye estime ke yo pa merite aksè ak pye bwa lavi an , ki ap pemet yo rejwenn aksè pou yo viv poutout tan, (genèz 3 : 22) pou reyalize objektif li bondye te voye jezi kòm ranson, pran peche nou yo , e pemet moun ki ekzèsè lafwa nan jezi , ki fè volonte bondye , moun ki jis yo , gen aksè a lavi etenel(jan 3 : 16, women 6 : 23 , jan 5 : 13)

2 : Ki sans anekdok laza a genyen ki enfomasyon sa ba nou de lanfe e paradi?

nou wè laza ki te yon òm jis , pòv , ki te konn ramase rès manje rich yo (lik 16 : 20 a 21) te ale menm kote avèk Abraham , ki te yon òm jis e rich (genèz 13 : 2) yo te reyini nan paradi, e rich ke laza te kon manje rès li an , te ale nan lanfè e , nèg rich lan te mande abram pou laza tape men li nan dlo e tape li nan lang li tèlman li te swaf , tèlman li te nan soufrans (lik 16 : 24), si nou pran pa ekzanp sou nou , si yon moun tape men li nan yon dlo e tape sou lang nou sa pap fè anyen pou nou poutan rich lan te sipliyè laza pou li tape men li nan dlo an e tape'l sou lang li , se pou sa dlo ki ap bay lavi an , depi ou bwè li ou pap janm swaf ankò , pa trete li avèk mepri paske li reprezante kò e san jezi kris , nou wè menm yon enjis te sipliyè abram pou li voye laza di frè li yo , pou yo repanti , tèlman doulè yo atrès e li pa ta renmen frè li yo , sibi sa li ap sibi a.

3 : Kijan pwosesi lavi etenel lan e mouri definitivman an ap opere?

pou yon moun jwen lavi etènèl , kò aktyèl li an ap chanje (1 korentyen 15 : 51) , “ premye mò a ” e aprè li pral nan paradi menm kote a abram , jakòb , moun ki jis yo , “sa rele resireksyon” aprè lè tout pwofesi yo fin akonpli , li ap gen yon lòt kò pafè “se sa ki rele , resite pami mò yo , releve , ou releve pami mò yo ” moun sa yo pap konnen dezyèm mò a menm jis ki rete anvi jisko retou Jezi Kris pap mouri men Jan ak Henòk (ebre 11 : 5) , yo ap monte nan syèl menm Jan ak Eliya(2 roi 2 :11) , men pou yon moun sibi dezyèm mò , premyeman kò li ap detwi , “premye mò a” e yo prale nan lanfè menm kote ak rich lan nou te we nan anekdot laza a “rezireksyon” (Lik 1 : 23) apre akonplisman pwofesi yo , nanm yo ap detwi , sa se dezyèm mò a. “destriksyon final”(revelasyon 21 : 8).

4: Eske gen yon diferans ant nanm (ame) e lespri?

Nanm, se kò a e espri an , paske lè Bondye fin kreye lòm , li di li kreye yon nanm vivan. Yon èt vivan se yon nanm vivan , lezòm di èt vivan paske pou yo depi kò a san vi , moun lan mouri , men Bondye utilize tèm nanm vivan paske lè kò a detwi sa pa vle , rès nanm lan ou espri an mouri .

menm jan janb ou tèt , se yon pati nan kò,

nan yon sans li se menm bagay avèk kò men nan yon lòt li diferan de kò a , se konsa nanm , espri, kò se 3 bagay diferan e nan yon lòt sans yo se yon sèl e menm bagay la .

Diferans :

Pou yon òm ,espri a endispensab a kò a paske kò a paka fonksyone san espri a , e kò an endispensab a espri an paske kò a se tanp espri sen, Kò a e espri an se yon nanm vivan .

Inifikasyon :

Bondye di pa pè moun ki ka detwi kò a , men pè sa ki ka detwi ni kò a ni nanm lan , li évidan nanm nan la , dezinye espri .

pa ekzanp : yon alman alman se yon eropeyen , yon fransè se yon eropeyen , yon franco alman se yon eropeyen , yon eropeyen ka yon fransè.

Demèn ke kò e espri se yon nanm vivan , pòtoprens , latibonit eksetera , se Ayiti

pa ekzanp yon moun potoprens ou/e latibonit , se moun ayiti,

yon nanm vivan se kò ou/e espri , Ayiti se powoprens ou/e latibonit,

pa ekzanp yon ayisyen ka moun powopren e latibonit , ou sèlman powoprens , ou sèlman latibonit .

5 : Poukisa nan genèz 3 :22 di lòm vin menm jan youn nan nou, yo konnen byen ak mal sans vese sa?

Lòm menm jan ak zanj , yo se dye (jan 10 : 34) (som 82 : 6)men kontrèman ak zanj yo , lòm pat fèt pou konnen byen ak mal,(genèz 3 : 22) lom te dwe konnen sèlman sa ki bon (genèz 2 : 17)paske lòm pa gen kapasite pou li toujou toujou fe diferans bien e mal, ni chwazi sa ki bon olye sa ki mal .

6 : Pou kisa jezi te konn di souvan li andomi nan lanmo, ki moun jezi te konn ramene a lavi e kijan nou pi kle sou nouvo syel la?

jezi te konn resisite , moun ki jis yo , moun ki ale nan menm andwa ak abram yo , se pousa li te toujou di andomi nan lanmo , men pa moun ki ale nan lanfè yo,(matye 8 : 22) paske jezi se premye e denye moun ki rantre nan lanfe ki soti vivan, (revelasyon 2: 8 , revelasyon 1 : 8) se pousa Jezi tou se premye resite resite pami mò yo e dènye nenpòt moun ki pafè volonte Bondye , li ale nan lanfè pap sove , men li ap peye mal li te konn fè sou la tè avan li detwi definitivman.